

## BAB V

### PANUTUP

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsiun struktur carita jeung ajén moral dina novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di kelas XI SMA. Aya tilu analisis anu bisa dicindekeun dina ieu panalungtikan, nya éta struktur carita novél, ajén moral dina novél, jeung bahan ajar aprésiasi sastra (novél).

Struktur novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* nyoko kana téori Stanton, anu ngawengku téma, fakta-fakta carita (galur, karakter, jeung latar), jeung sarana-sarana sastra (judul, puseur implengan/*point of view*, gaya basa, nada/tone, simbolisme, jeung ironi). **Téma:** téma dina ieu novél nya éta ngeunaan sosial jeung agama, anu raket patalina jeung masalah kapercayaan, *pembelaan, perjuangan*, rasa silih asah, silih asih, jeung silih asuh. Patali jeung éta hal bisa dicindekeun téma dina ieu novél nya éta Bebeneran jeung kaadilan kudu diadegkeun, sedengkeun kagoréngan jeung kamungkaran kudu dimusnahkeun'. **Galur:** dina nyaritakeun ieu novél, pangarang maké galur mobok tengah. Lantaran bubuka carita langsung némbongkeun masalah anu keur karandapan ku tokoh utama, nya éta Anjar. **Karakter:** Dina ieu novél aya 23 palaku. Tina 23 palaku ngawengku hiji palaku utama nya éta Anjar, dalapan palaku anu marengan palaku utama, jeung lima belas palaku piguran. **Latar:** latar dina ieu novél aya 78 latar tempat, 66 latar waktu, jeung maké latar sosial lingkungan masarakat handap jeung luhur. **Judul:** novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi miboga judul anu ngandung tilu tingkatan ma'na, nya éta: 1) sagala rupa kajahatan jeung panindesan di dunya kudu ditumpes, 2) bebeneran jeung kaadilan kudu diadegkeun, sedengkeun kagoréngan jeung kamungkaran kudu dimusnahkeun, jeung 3) Anjar kudu ngalawan raja bangsa nya éta Darma Lingga pikeun meunangkeun kitab pusaka. **Puseur Implengan:** pangarang ngagunakeun puseur implengan dina ieu novél nya éta jalma katilu-teu kawatesanan, hartina pangarang nyoko ka unggal karakter jeung nempatkeunana salaku jalma katilu. Pangarang

ogé teu ancrub langsung kana carita, tapi pangarang nyaho sagala ngeunaan hal ngeunaan ieu carita, boh unggal kajadianana, boh tokoh-tokohna. **Gaya Basa:** dina ieu novél pangarang ngagunakeun 14 gaya basa. Gaya basa anu mindeng dipaké dina ieu novél nya éta gaya basa ngumpamakeun, kahanan, rarahulan, jeung mijalma. **Nada/tone:** dina ieu novél kapanggih salapan nada atawa *tone* di antarana: 1) pikarunyaaeun (suasana tengah leuweung), 2) pikeueungeun (suasana tengah leuweung), 3) pikahéraneun (suasana tengah leuweung), 4) pasrah (suasana tengah leuweung), 5) mikanyaah (suasana jero pangkéng), 6) piketireun (suasana imah Anjar), 7) pikasediheun (suasana imah Anjar), 8) pikabungaheun (suasana imah Kiai Ngésti), 9) pikaseurieun (suasana panggung silat). **Simbolisme:** dina ieu novél kapanggih 13 simbol, anu kabagi kana 7 simbol dina kasangtukang kahirupan sosial; panon-panon anu naréangan, kuburanana gé beureum kénéh, iteuk, keris, kohkol, beungeutna beureum, iblis, jeung 6 simbol dina kasangtukang kahirupan agama; solat dina ponggol cau, Nabi Musa jeung Firaon, Nabi Muhammad Saw, Al-Qur'an, sakabéh manusa bakal maot, aya astana sajeungkal. **Ironi:** dina ieu novél kapanggih hiji ironi dramatis anu dituduhkeun ngaliwatan dialog Si Darga anu nganggap panggung silat dijieu tina kai bobo, padahal saenyana tina kai rasamala nu kandelna 3 dim, jeung ironi verbal anu dituduhkeun ngaliwatan dialog Si Darga jeung Anjar nu silih ledek, silih ngahinakeun, jeung goréng sangka, tina dialogna kagambar ékprési anu ngaguar ma'na sabalikna.

Ajén moral nu nyangkaruk dina novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi kapanggih ku cara nganalisis jeung niténan paripolah, sikep, jeung omongan atawa dialog sakabéh tokohna. Dina ieu novél 25 sikep moral dina 6 ajén moral anu numutkeun Warnaen, dkk., di antaranya: 1) lima sikep anu nuduhkeun ajén moral manusa ka Gustina, 2) sabelas sikep anu nuduhkeun ajén moral manusa ka diri prbadina, 3) sabelas sikep anu nuduhkeun ajén moral manusa ka manusa séjénna, 4) hiji sikep anu nuduhkeun ajén moral manusa ka alamna, 5) hiji sikep anu nuduhkeun ajén moral manusa kana waktu, jeung 6) dua sikep anu nuduhkeun ajén moral manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniahna. Tina 25 sikep anu nuduhkeun ajén moral anu nyangkaruk dina ieu novél, aya dua puluh sikep moral manusa anu nuduhkeun sikep atawa paripolah anu hadé, jeung lima sikep moral manusa anu nuduhkeun sikep atawa paripolah

anu goréng. Dumasar kana kritéria milih jeung nangtukeun bahan pangajaran, bisa dicindekeun yen novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi bisa dipaké pikeun dilarapkeun kana bahan pangajaran aprésiasi sastra di kelas XI SMA, anu salah sahiji tujuanna pikeun ngawangun karakter siswa anu miboga moral jeung sipat kamanusaan anu hadé.

## 5.2 Implikasi jeung Rékoméndasi

Ayana hiji panalungtikan tangtuna dibarengan ku kahéngkéran jeung kaonjoyan séWAang-séwangan. Ngaliwanan panalungtikan, panalungtik bisa diajar ngeunaan cara ngaprésiasi jeung kumaha hurip hirupna hiji karya sastra, sacara teu langsung hasil tina ieu panalungtikan , ogé bisa nambahán élmu pangaweruh keur batur sarta bisa nambahán khasanah kasusastraan Sunda hususna novél. Tapi salila nalungtik, panalungtik ngarasa masih loba kénéh kahéngkéran anu teu bisa ditungkulán. Dumasar kana hasil ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan hiji karya sastra Sunda, hususna novél.

Tina ieu hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi pikeun ngaronjatkeun aprésiasi kana karya sastra hususna novél. Éta rékoméndasi téh ditujukeun pikeun mahasiswa, panalungtik satuluyna, guru, jeung masarakat umum. **Mahasiswa** salaku akademisi, dipiharep ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan référénsi bacaeun hususna ngeunaan ulikan struktural jeung ajén moral. **Panalungtik satuluyna**, dipiharep aya panalungtikan satuluyna anu bisa ngeuyeuban kalawan leuwih nyosok jero lantaran eusi carita novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* miboga ajén-inajén anu jembar. Salian ti éta, ieu novél nu mangrupa novél serial silat, miboga carita satuluyna, nu diwengku dina novél *Anjar Papanggih jeung Indungna*, jeung *Anjar Lawan Rampog Geulis*. Disagédéneun éta hal, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh pikeun panalungtik satuluyna sangkan bisa nalungtik ulikan struktural jeung ajén moral kalawan leuwih nyosok jero anu dipatalikeun jeung ulikan séjenna. Ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun référénsi pikeun panalungtik satuluyna anu patali jeung novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi. **Guru** salaku palaku utama dina lumangsung kagiatan diajar di sakola, dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun rujukan jeung pilihan dina nangtukeun bahan

pangjaran di sakola husuna kelas XI SMA. **Masarakat** anu jadi salah sahiji panangtu hirup huripna hiji karya sastra, dipiharep ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa numuwuhkeun karep masarakat kana ngaprésiasi karya sastra Sunda hususna novél.